

II PIERRE

¹ Simon Pierre, yon sèvitè-atache nèt, e apòt a Jésus Kri, a sila ki te resevwa ☆yon lafwa menm jan ak nou yo, pa ☆ladwati Bondye ak Sovè nou an, Jésus Kri: ² Ke lagras ak lapè vin miltipliye a nou menm nan ☆konesans a Bondye ak Jésus, Senyè nou an, ³ akoz nou wè ke pwisans diven Li an bannou tout bagay ki apatyen a lavi ak sentete, atravè vrè konesans a Li, ki te ☆rele nou pa pwòp glwa ak ekselans Li. ⁴ Paske pa sila yo, Li te bannou ☆pwomès presye e manyifik Li, pouke nan yo, nou ta kapab vin ☆patisipan nan nati sen an, e chape de koripsyon ki nan mond lan pa konvwatiz lachè a.

⁵ Alò, pou rezon sa a tou, avèk tout dilijans nan lafwa nou, mete ekselans moral, e nan ekselans moral nou, mete ☆konesans. ⁶ Sou konesans nou, mete ☆bon kontwòl tèt nou, e nan bon kontwòl tèt nou, mete ☆pèseverans, e nan pèseverans nou, mete sentete. ⁷ Anplis nan sentete nou, mete bonte fratènèl, e nan ☆bonte fratènèl nou, mete lanmou.

⁸ Paske si kalite sa yo nan nou e ap ogmante, yo p ap rann nou ni inital, ni ☆san fwi nan vrè konesans Senyè nou an, Jésus Kri. ⁹ Paske, sila

☆ **1:1** Wo 1:12 ☆ **1:1** Wo 3:21-26 ☆ **1:2** Jn 17:3 ☆ **1:3** I Tes 2:12 ☆ **1:4** II Pi 3:9,13 ☆ **1:4** I Jn 3:2 ☆ **1:5** Kol 2:3
 ☆ **1:6** Trav 24:25 ☆ **1:6** Luc 21:19 ☆ **1:7** Wo 12:10 ☆ **1:8** Kol 1:10

ki manke kalite sa yo ✨avèg oswa pa wè klè, akoz li bliye ke li te netwaye de ansyen peche li yo.

¹⁰ Konsa, frè m yo, se pou nou vin pi dilijan pou fè sèten de ✨chwa ak apèl Li de nou menm nan. Paske otan ke n ap pratike bagay sa yo, nou p ap janm glise tonbe. ¹¹ Paske lè nou aji nan fason sa a, antre nan wayòm etènèl Senyè ak Sovè nou an, Jésus Kri, va ✨toujou disponib a nou menm an abondans.

¹² Konsa, mwen va toujou prè pou fè nou sonje bagay sa yo, malgre nou deja konnen yo, e etabli nan ✨verite ki deja la avèk nou an. ¹³ Paske mwen konsidere li bon, toutotan mwen ap demere nan kay tèrès sila a, pou vire memwa nou pou fè nou sonje, ¹⁴ avèk konesans ke moman pou ✨mete akote kay tèrès mwen an toupres kòm osi Jésus Kri te fè m byen konprann nan. ¹⁵ Konsa, mwen va osi fè dilijans pou nenpòt lè m ✨fin ale, nou kapab toujou sonje bagay sa yo.

¹⁶ Paske nou pa t swiv ✨vye listwa koken lè nou te fè nou konnen ✨pwisans ak retou a Senyè nou an, Jésus Kri, men zye nou te temwen majeste Li. ¹⁷ Paske, lè Li te resevwa laglwa ak lonè Bondye, Papa a, yon ✨pawòl konsa te fèt a Li pa Laglwa Majeste a: “Sa se Fis byeneme Mwen an; avèk Li, Mwen byen kontan.” ¹⁸ Epi nou menm te tande pawòl sa yo, fèt depi nan syèl la, lè nou te avèk Li sou ✨mòn sen an.

✨ **1:9** I Jn 2:11 ✨ **1:10** Wo 11:29; I Tes 1:4 ✨ **1:11** Wo 2:4
 ✨ **1:12** Kol 1:5 ✨ **1:14** II Tim 4:6; Jn 21:19 ✨ **1:15** Luc 9:31
 ✨ **1:16** I Tim 1:4 ✨ **1:16** Mc 13:26 ✨ **1:17** Mat 17:5 ✨ **1:18**
 Egz 3:5

19 Konsa, nou gen pawòl pwofesi yo fèt pi asire. A sila nou dwe prete atansyon an tankou se yon ✧lanp k ap klere yon kote ki fènwa, jiskaske bajou kase e ✧zetwal granmmaten an leve nan kè nou.

20 Men konnen sa davans, ke ✧nanpwen pwofesi nan lekriti sen an ki sijè a pwòp entèpretasyon prive. 21 Paske ✧okenn pwofesi pa t janm fèt pa volonte a moun, men lèzòm, dirije pa Lespri Sen an te pale pawòl yo ki te soti nan Bondye.

2

1 Men ✧fo pwofèt yo te osi leve pami pèp la. Menmjan an, va gen fo enstriktè pami nou tou, ki va entwodwi an sekre fo doktrin destriktif yo, ki menm nye Mèt la ki te ransonnen yo a, e yo pote destriksyon rapid sou tèt yo. 2 Anpil va swiv ✧vi sansyèl yo, e akòz de yo, chemen laverite a va ✧meprize. 3 Epi nan ✧vorasite yo, yo va eksplwate nou avèk fo pawòl, men jijman a yo menm ki te prepare depi nan tan lontan an p ap mize, e destriksyon yo p ap dòmi. 4 Paske ✧si Bondye pa t epagne zanj yo lè yo te peche a, men te voye yo nan labim tenèb ki te rezève pou jijman an; 5 epi pa t epagne ✧ansyen mond lan, men te prezève Noé, yon predikatè ladwati, avèk sèt lòt, lè Li te voye yon delij sou mond konwonpi a, 6 epi si Li te ✧kondane vil Sodome

✧ 1:19 Sòm 119:105 ✧ 1:19 Rev 22:16 ✧ 1:20 Wo 12:6
 ✧ 1:21 Jr 23:26 ✧ 2:1 Det 13:1 ✧ 2:2 Jen 19:5 ✧ 2:2 Wo
 2:24 ✧ 2:3 I Tim 6:5; Det 32:35 ✧ 2:4 Jd 1:6 ✧ 2:5 Egz
 26:20 ✧ 2:6 Jen 19:24

ak Gomorrhe pou destriksyon e te redwi yo an sann, epi te fè yo yon egzanp pou sila ki ta vin mennon yon vi san Bondye pi devan yo; ⁷ epi si li te ✧delivre Lot ki te yon nonm ladwati, oprime pa sansyalite a mesye san prensip yo, ⁸ (paske pa sa ke li te wè e tandè ✧nonm ladwati sila a, pandan li t ap viv pami yo, te santi nanm dwat li a te toumante jou apre jou pa zèv san règ ni lwa yo.) ⁹ ✧Alò Senyè a konnen kijan pou Li delivre moun Li yo de tantasyon, e pou kenbe mechan an anba pinisyon pou jou jijman an. ¹⁰ Sitou sila ki satisfè lachè a nan dezi konwonpi li yo, e ki ✧meprize otorite. Plen kouraj e awogan, yo pa menm tranble lè yo ensilte zanj majeste yo, ¹¹ ✧malgre zanj ki pi gran an pwisans ak pouvwa yo pa janm pote yon move jijman kont yo devan Senyè a. ¹² Men ✧sa yo, tankou bèt san rezon, fèt tankou kreyati ki aji san refleksyon, ki fèt pou kapte e touye, ki mal pale kote yo pa gen konesans, va osi detwi nan destriksyon a kreyati sila yo.

¹³ Y ap soufri mal kòm salè a mal ke yo fè. Se plezi yo pou ✧fè banbòch an plèn joune. Se tach ak salte, k ap fè kè kontan nan desepsyon yo, pandan y ap fete avèk nou. ¹⁴ Ak zye plen adiltè ki pa janm sispann fè peche, yo sedwi ✧nanm ki pa stab yo. Kè yo ki antrene pou lanvi tout bagay, se pitit madichon yo ye. ¹⁵ Nan abandone ✧bon chemen an, yo vin egare pou swiv ✧chemen

✧ **2:7** Jen 19:24 ✧ **2:8** Eb 11:4 ✧ **2:9** I Kor 10:13 ✧ **2:10** Egz 22:28 ✧ **2:11** Jd 9 ✧ **2:12** Jd 10 ✧ **2:13** Wo 13:13 ✧ **2:14** Jc 1:8 ✧ **2:15** Trav 13:10 ✧ **2:15** Nonb 22:5,7

Balaam, fis Bosor a, ki te renmen salè inikite yo. ¹⁶ Men li te resevwa yon repwòch pou pwòp transgresyon li. Paske ☆yon bourik bèbè te pale avèk vwa yon moun, e te mete fren a foli a pwofèt la.

¹⁷ Sa yo se ☆sous san dlo e nyaj ki pouse pa yon van tanpèt ☆pou sila tenèb fènwa fin rezève nèt la. ¹⁸ Paske nan pale fò avèk ☆awogans ak vanite, yo sedwi pa dezi lachè yo, pa sansyalite, atake sila ki prèske pa gen fòs yo pou chape devan sila ki viv nan erè yo, ¹⁹ k ap pwomèt yo libète, pandan yo menm se esklav a koripsyon; paske ☆sa ki domine yon moun, fè l vin esklav.

²⁰ Paske si, apre yo fin chape de tout bagay sal mond sa a pa konesans Senyè ak Sovè a Jésus Kri, yo bwouye ladan yo ankò e vin simonte ☆dènye eta yo a vin pi mal pase premye a. ²¹ ☆Paske li ta pi bon pou yo pa t konnen chemen ladwati a, olye yo vin konnen l, pou vire kite kòmandman sen ki te ☆livre a yo menm nan. ²² Men sa ki vin rive a yo menm selon vrè pwovèb la: ☆“Yon chen retounen a pwòp vomisman l” epi “gwo manman kochon an, lè l fin benye, li retounen woule kò l nan labou a.”

3

¹ Sa se koulye a, byeneme yo, dezyèm lèt ke m ekri nou an. Ladann mwen ap eseye ☆kiltive nan nou kèk refleksyon serye, pou fè nou sonje,

☆ **2:16** Nonb 22:21,23,28,30 ☆ **2:17** Jd 12 ☆ **2:17** Jd 13
 ☆ **2:18** Jd 16 ☆ **2:19** Jn 8:34 ☆ **2:20** Mat 12:45 ☆ **2:21** Éz 18:24
 ☆ **2:21** Jd 3 ☆ **2:22** Pwov 26:11 ☆ **3:1** II Pi 1:13

² pou nou kab ✨sonje pawòl ki te pale oparavan pa ✨pwofèt sen yo e kòmandman a Senyè ak Sovè a ki te pale pa apot nou yo.

³ Konnen sa dabò, ke ✨nan dènye jou yo ✨mokè yo va vin moke, sila k ap swiv pwòp dezi lachè yo, ⁴ epi yo va di: ✨“Kote pwomès ke L ap vini an? Paske depi papa nou yo te vin ✨mouri, tout bagay kontinye jis jan li te ye depi kòmansman kreyasyon an.”

⁵ Paske lè yo kalkile konsa a, sa vin chape de remak yo ke selon pawòl Bondye a, syèl yo te egziste depi lontan e latè te ✨fòme avèk dlo e pa dlo. ⁶ Pa dlo sa a ✨mond lan te detwi, lè l vin kouvri avèk dlo. ⁷ Men, pa pawòl Li ✨syèl avèk tè ki la koulye a, ap rezève pou destriksyon avèk ✨dife, yo kenbe pou jou jijman an ak destriksyon moun mechan yo.

⁸ Men pa kite sa chape de atansyon nou, byeneme yo, ke avèk Senyè a, yon jou se tankou ✨mil ane, e mil ane se tankou yon jou. ⁹ ✨Senyè a pa lan sou pwomès Li, jan kèk moun ta konte sa a, men Li pasyan anvè nou, e Li ✨pa vle pou okenn moun ta peri, men pou tout ta vini a larepentans.

¹⁰ Men ✨jou a Senyè a ✨va vini kòm yon vòlè. Konsa syèl la va disparèt avèk yon gwo bwi, eleman yo va detwi avèk yon gwo chalè, e latè ak zèv li yo va vin brile nèt.

✨ **3:2** Jd 17 ✨ **3:2** Luc 1:70 ✨ **3:3** I Tim 4:1 ✨ **3:3** Jd 18
 ✨ **3:4** Mal 2:17 ✨ **3:4** Trav 7:60 ✨ **3:5** Sòm 24:2 ✨ **3:6** II
 Pi 2:5; Jen 7:11 ✨ **3:7** II Pi 3:10,12 ✨ **3:7** És 66:15 ✨ **3:8**
 Sòm 90:4 ✨ **3:9** Hab 2:3 ✨ **3:9** I Tim 2:4 ✨ **3:10** I Kor 1:8
 ✨ **3:10** I Tes 5:2

¹¹ Akoz ke tout bagay sa yo dwe detwi nan jan sa a, ki kalite moun nou ta dwe ye selon kondwit ki sen e fidèl? ¹² Moun k ap chache toujou pou avanse jou a Bondye, k ap fè ✧syèl yo detwi avèk dife, e tout eleman yo fann avèk gwo chalè a! ¹³ Men selon ✧pwomès Li, n ap chache ✧syèl ki tounèf yo ak yon tè tounèf, kote ladwati abite.

¹⁴ Konsa, byeneme yo, akoz ke n ap chache bagay sa yo, se pou nou dilijan pou Li jwenn nou anpè ✧san tach e san fot. ¹⁵ Konsidere ✧pasyans a Senyè a kòm sali nou. Menmjan an osi ak frè byeneme nou an, Paul, te ekri nou, selon sajès ke li te resevwa a, ¹⁶ kòm osi nan tout lèt li yo, li te pale ak yo de bagay sa yo. ✧Ladan yo, gen kèk bagay ki difisil pou konprann, ke sila ki san konprann e ki pa stab yo defòme, jan yo te fè osi ak tout lòt Ekriti sen yo, ki va gen kòm rezilta, pwòp destriksyon pa yo.

¹⁷ Konsa, nou menm, byeneme yo, ki konnen sa davans, rete vijilan pou nou pa pote ale pa erè a moun san prensip yo, e tonbe kite pwòp fidelite nou. ¹⁸ Men grandi nan lagras ak konesans ✧Senyè ak Sovè nou an, Jésus Kri.

A Li menm, laglwa, menm koulye a, e nan jou letènite a. Amen.

✧ **3:12** II Pi 3:7,10 ✧ **3:13** És 65:17 ✧ **3:13** Wo 8:21 ✧ **3:14** Fil 2:15 ✧ **3:15** II Pi 3:9; Trav 15:25 ✧ **3:16** Eb 5:11 ✧ **3:18** II Pi 2:2

Bib Sen An **The Holy Bible in Haitian Creole, 2023 update**

copyright © 2017-2023 Ron Smith

Language: Kreyòl Ayisyen (Haitian)

Translation by: Ron Smith

Contributor: Felix Nixon

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.

You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

You include the above copyright and source information.

If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.

If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2024-04-26

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 26 Apr 2024 from source files dated 26 Apr 2024

10d5899e-31c7-5009-983b-ffc4788d2e5b